**दिन–सोमवार** **दिनांक–14.09.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

आइ हिन्दी दिवस अछि। एहि अवसर पर राज्य अभिलेख भवनमे आयोजित कार्यक्रममे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी उपमुख्यमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव सहित आनो–आन अतिथि सम्मिलित भेलाह आ पत्रिका 'राजभाषा'क लोकार्पण कएलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री कहलनि जे हिन्दीकेँ पूरा दुनियामे पहिचान अछि। ओ कहलनि जे हिन्दी दुनियाभरिमे तेसर सभसँ बेसी बाजल जाएबला भाषा अछि। प्रदेशमे हिन्दी दिवसक अवसर पर कतेको कार्यक्रमक आयोजन कएल जा रहल अछि।

---

विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार हिन्दी दिवसक अवसर पर प्रदेशवासीसभकेँ शुभकामना देलनि अछि। अपन संदेशमे ओ कहलनि जे हिन्दी भाषाकेँ नव पीढ़ीक लेल बेसी उपयोगी आ सहज बनायब हमर सभक सामूहिक दायित्व अछि। ओ जनौलनि जे भाषाक विकास मात्र ओकर प्रयोगसँ नहि, अपितु ज्ञान आ जनसेवाक माध्यमक रूपमे ओकर विस्तारसँ होइत अछि।

---

देशभरिमे आइ गणेश चतुर्थीक पावनि श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। आजुक दिन ज्ञान, समृद्धि आ सौभाग्यक प्रतीक भगवान गणेशक जन्मोत्सवक रूपमे मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर श्रद्धालु अपन घरमे माटिसँ बनल भगवान गणेशक प्रतिमा स्थापित करैत छथि। दस दिन धरि चलयवला एहि उत्सवक दरमियान प्रथम पूज्य भगवान गणेशक पूजा–अर्चना कयल जाइत अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ भारतीय जनता पार्टीक अध्यक्ष नितिन नवीन गणेश चतुर्थीक अवसर पर देशवासीसभकेँ शुभकामना देलनि अछि।

---

हरतालिका तीजक पावनि आइ पारम्परिक श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। प्रतिवर्ष भादव मासक शुक्ल पक्षक तृतीयाकेँ ई पावनि मनाओल जाइत अछि। ओतहि, मिथिलामे चौठ चन्द्रक पावनि चौरचन सेहो आइ हर्षोल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि पावनि मे साँझक काल महिला लोकनि रोहिणी सहित चन्द्रमाक पूजा–अर्चना करैत छथि। कतेको प्रकारक पकवान, दही, खीर आ फल अर्पित कऽ चन्द्रमाकेँ अर्घ्य देल जाइत अछि।

——————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित आन गणमान्य लोकनि महिला टी–ट्वेंटी एशिया कप चैम्पियनशिप दू हजार छब्बीस जीतबा पर भारतीय टीमक सभ सदस्यकेँ बधाई देलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्टमे राष्ट्रपति कहलनि जे खेलाड़िसभ पूरा प्रतियोगिता मे शानदार प्रदर्शन कऽ देशक नाम प्रकाशित कएलनि अछि। उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन कहलनि जे पूरा टूर्नामेंटमे टीमक अपराजित अभियान, असाधारण टीम वर्क आ अटूट दृढ़ संकल्प देशकेँ अपार गौरव प्रदान कएलक। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे टूर्नामेंटक दरमियान खेलाड़िसभक आत्मविश्वास, निरंतरता आ अद्भुत जज्बा स्पष्ट रूपसँ देखल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे बेटीसभ एक बेर फेर भारतक नाम बुलन्द कएलनि। ध्यातव्य अछि जे भारत महिला एशिया कप क्रिकेट मे श्रीलंकाकेँ हराकऽ आठम बेर खिताबी जीत दर्ज कएलक अछि। काल्हि खेलाएल गेल मैचमे भारत श्रीलंकाकेँ बहत्तरि रनसँ पराजित कऽ ई खिताब अपन नाम कएलक।

——————————————————————

प्रदेशमे बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रसभमे राहत आ बचाव कार्य लगातार जारी अछि। राज्यक पन्द्रह जिलामे अड़तालीस लाखसँ बेसी आबादी बाढ़िसँ प्रभावित अछि। आपदा प्रबंधन विभाग प्रभावित आबादी धरि भोजन, राहत सामग्री आ दोसर आवश्यक सुविधा पहुँचेबाक लेल व्यापक स्तर पर व्यवस्था कएलक अछि। बाढ़ि प्रभावित जिलासभमे एक हजार दू सय एकावन सामुदायिक भानस केन्द्रक माध्यमसँ एखन धरि लगभग अठासी लाख चौवन हजार लोककेँ भोजन उपलब्ध कराओल गेल। तेरह राहत शिविरमे बारह हजार दू सय साठि लोकक लेल आवासन, भोजन आ चिकित्सा सुविधा उपलब्ध कराओल गेल अछि।

——————————————————————

केन्द्रीय मंत्री शिवराज सिंह चौहानक नेतृत्वमे एकटा दल बुधदिन बिहारमे बाढ़िक स्थितिक सर्वेक्षण करबाक लेल आओत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे एहि संबंधमे केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाहसँ हुनक गप भेल अछि। ओतहि, आपदा प्रबंधन विभागक मंत्री रत्नेश सादा कहलनि जे बाढ़ि पीड़ितसभक मददि लेल सभ तरहक सुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। आकाशवाणी समाचारसँ गपशप मे श्री सादा जनौलनि जे पैघ लोकसभक आवश्यकता सँ लऽकऽ बच्चासभक लेल दूधक व्यवस्था धरि कएल गेल अछि।

———————————————————

समाप्त